



Avi sou Politik la

Tit Politik la: Mizajou sou Politik Lisans Rezidansyèl: Jiyè 2026

Nimewo Politik la: RP-26-01, RP-26-10, RP-26-11, RP-26-12

Dat Li Pibliye: 8 Jiyè, 2026

Dat Li an Vigè: 17 Novanm, 2026

Lyen Politik la: <https://www.mass.gov/lists/licensing-policies-for-residential-and-placement-programs>

APÈSI

EEC pibliye estanda aktyalize pou lisans pwogram rezidansyèl k ap sèvi rezidan ak jèn paran, ki rantre an vigè 17 Novanm 2026 la. Pou akonpaye nouvo règleman yo, EEC ap mete ajou politik ki egziste deja epi kreye nouvo politik pou pi byen sipòte objektif nouvo règleman yo: modènize ak senplifye langaj la, amelyore klète, epi enkòpore yon apwòch ki baze sou prèv pou lisans pwogram rezidansyèl yo.

Avi sou politik sa a bay yon apèsi sou **dezyèm piblikasyon mizajou politik yo** ki pral antre an vigè ansanm ak nouvo règleman lisans yo nan dat **17 Novanm 2026 la**. Politik sa yo aplike pou tout pwogram rezidansyèl yo.

NOUVO POLITIK REZIDANSYÈL

- **Izolman:** Nouvo politik ki klarifye definisyon "Izolman" ke EEC adopte nan règleman yo mete an mizajou yo epi ki detaye kondisyon limite ak espesifik kote izolasyon an otorize kòm yon repons dènve rekou pou yon risk iminan de domaj fizik grav. Politik sa a ranplase politik Separasyon nan Gwoup la, ki te pibliye nan mwa Septanm 2016.

- **Itilizasyon Anplwaye pou Sipò Tanporè nan Pwogram Rezidansyèl:** Nouvo politik ki klarifye verifikasyon dosye antesedan (BRC), fòmasyon, ak egzijans dokimantasyon pou anplwaye ranfò tanporè yo travay nan pwogram rezidansyèl.
- **Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl:** Nouvo politik ki afime estanda etablisman fizik yo etabli pa EEC nan règleman rezidansyèl yo epi ki fòmalize obligasyon pou pwogram rezidansyèl yo kenbe yon Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl. Piblikasyon politik sa a enkli ladan yon vèsyon ki an mizajou nan lis verifikasyon an.

POLITIK REZIDANSYÈL KI RENOUVLE /REPIBLIYE

- **Investigasyon Entèn ak Gid pou Anplwaye:** Ti koreksyon yo fè nan politik ki te pibliye an Me 2026 la.

RÈGLEMAN SOU PLASMAN/PWOGRAM KI RE-PIBLIYE

Nan ka kote yon politik rezidansyèl ranplase yon politik ki te egziste deja epi ki te aplike pou tou de (2) pwogram rezidansyèl ak ajans plasman yo, politik orijinal la ap rete an vigè pou ajans plasman yo sèlman.

EEC ap re-pibliye de (2) politik pou klarifye aplikabilite mizajou yo sèlman pou ajans plasman yo. Politik sa yo se: Investigasyon Entèn ak Gid pou Anplwaye (sa ki te pibliye orijinalman 22 Mas 2022 a) ak Blesi Grav nan Swen/Gadri Rezidansyèl oswa Plasman/Pwogram (sa ki te pibliye orijinalman 25 Septanm 2008 la). Dat li antre an vigè a ap imedyat.

EKSPIRE

Politik ki anwo yo ranplase politik EEC sa yo pou pwogram rezidansyèl yo:

- Politik sou Investigasyon Entèn ak Gid pou Anplwaye ki te pibliye 14 Me, 2026 la
- Politik sou Separasyon ak Gwoup la ki te pibliye 8 Septanm 2016
- Lis Verifikasyon pou Enstalasyon Fizik ak Transpò, ki te pibliye 1ye Jiyè 2005